



Pou Piblikasyon Imedya: 09/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU REYINYON AVÈK CHÈF
KABINÈ MEZON BLANCH LAN, JEFF ZIENTS**

"Aprè konvèsasyon kontinyèl mwen ak Prezidan Biden, Sekretè Mayorkas, Lidè Majorite Sena a Schumer ak Lidè Chanm Demokrat la Jeffries, jodi a mwen te rankontre ak Chèf Kabinè Mezon Blanch lan, Jeff Zients, pou diskite sou nesosite resous adisyonèl yo nan New York pandan n ap kontinye sipòte arive dè dizèn milye moun k ap chèche azil.

Mwen te ekspri rekonesans nou pou plis pase 135 milyon dola èd patnè federal nou yo te jwenn pou Vil New York epi mwen te repete nou bezwen plis sipò, tankou tè federal pou itilize kòm sitabri ak finansman federal pou pran swen moun sa yo yon fason imen. Sa ki pi enpòtan, Mwen te mete aksan sou nesosite aksyon federal pou akselere aplikasyon azil ak demann otorizasyon travay pou endividi yo pou pèmèt yo byen vit entegre nan ekonomi nou an ak sosyete nou an.

Nou rekonesan anvè Prezidan Biden ak ekip li a pou efò yo fè pou ede nan mitan kriz imanité sa a, epi nou pa ka tann plis sipò ak kolaborasyon."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)